ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№116 (22.774) • 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 17, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

ХьэщIэ лъапIэр арэзыщ

УФ-м и Президентым и полномочнэ аIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Меликов Сергей дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ Iуэхуцкlэ къэкIуащ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий, республикэм и Правительствэм хэтхэр и гъусэу, хьэщIэм кьригъэплъыхьащ итальян технологиещIэкIэ зэтраухуауэ, илъэс зыбжанэ хъуауэ Бахъсэн щIыналъэм гъавэ къыщызыгъэкI, Ерыжокъуэ Игорь зи унафэщI, цIыху 300-м щIигъу щылажьэ, «Агрокомэ» ООО зэгухьэныгъэм и теплицэхэр.

ИужькIэ хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ зэгъусэу Налшык къалэ дэт республикэ сымаджэщым кIуащ. Махуэм, гъэуэгу техьахэм закъыдигI фIэкIа умыщIэну, къащхьэщыт уафэри къащхъуэт, дыгъэри гуапэу къатепсэрт. Республикэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Къэжэр Хъусен гупым хэтхэм къапежьэри, ахэр травматологие центрым ишащ. Къабзащэу зэлъыIуха пэш Iэхуитлъэхуитхэм щIагъэува Iэмэпсымэщ IэхэР, абихэм якIалъыплъ цIыхухэм я нэгум кьищ нэпхуэгъугупхуагъэм гу щалъыптэкIэ, пщIэ ахуумыщIын пхуэзфIэкIыртэкъым.

Сымаджэщым и ухуэныгъэ нэхъыщхьэм дыщекIуалIэм, зэуэ гу лъыттащ абы и пащхьэ кьит утым деж, ихъуреягъкIэ, шар зэмыфэгъухэр яIыгърэ хъэлат хужьыпсхэмкIэ зэщыхуэпыкIауэ кърагъэувэкIа цIыху нэжэгугъэхэм. Ящэ ирагъэщIпхъэ къалэным ипкъ иткIэ Меликов Сергейрэ КIуэкIуэ Юрийрэ абихэм фIэхъус ирахри, гумрэ яшынтхуэмрэ щIэзэ центру сымаджэщым къыщызэрагъэпэщащ и лэжьэкIэм зыщагъэгъуэзэн папщIэ, абы хухаха 5-нэ къатым дэкIуеящ. Ар гупсэхуу къаплъыхьа иужькIэ, щIыбым дэт цIыху гупышхуэм я дежкIэ къагъэзэжащ.

Дыгъэпсым щIигъэна утым пэкIу цIыкIу щекIуэкIащ. Абдежым щызэхуэсат дохутыр Iэщlагъэм куэд щIауэ ирилажьэхэри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ факультетым щеджэхэм ящыщу республикэ сымаджэщым зыщызыгъасэ студент щIалэгъуалэри. Сымаджэщым и лэжьыгъэр иджырей бгъэдыхьэкIэм тету къызэрызэрагъэпэщам и гугъу щищIым, хьэщIэ лъапIэм къыхигъэщащ дохутыр IэщIагъэр къыхихауэ абы хьэлэлу ирилажьэхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэм куэд зэрелъытар.

ИужькIэ, Меликов Сергейрэ КIуэкIуэ Юрийрэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм республикэм и парт, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэм щаIуащIащ. Ящэу псалъэ щратым, хьэщIэ лъапIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм, и жылагъуэ гъащIэм арэзы укъэзыщI зэхъуэкIыныгъэфIхэр къызэрыщыхъур кьыхигъэщащ, нэхъ зэгугъупхъэу кьиулъытэ Iуэхугъуэхэми кьытеувыIащ. Иужьрейхэм ящыщу, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ я лъабжьэу Кавказ Ищхьэрэм щыIэ къэуэнэхуныгъэхэм я кьуэпсэгъэ ди дежи къызэрысыр, Iулъхьэ зэIэпыхьныр зэрымыкIуэдыр, республикэм лэжьапIэщIэхэр къыщызэгъэпэщыным хуэунэтIа Iуэхугъуэхэр зэрыщыгувэр, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэм кьекIуэлIахэм Меликов Сергей упщIэ зыбжанэкIэ зыхуаГъэзащ. Абыхъэм жэуап ягъуэтащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Меликов Сергей

● КъБР-м и Парламентым

ЩIымахуэ зэманым дытохьэж

Мэкъуауэгъуэм и 10-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щекIуэкIа зэIущIэм республикэм дежкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэху 14-м щIигъум щыхэплъащ. Ар къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ республикэм и хабзэгъэув Iэнатlэм и Унафэщl Чеченов Ануар.

ПСОМ япэу яубзыхуащ КъБР-м и Парламентым и етхуанэ зэхуэсыгъуэм хагъэхьэну депутатхэр хэхьныр фокIадэм и 14-м ирагъэкIуэкIыну.

«УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым и Iуэхукlэ» Конституцэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм я гугъу ищIащ КъБР-м и Парламентым Законодательствэмрэ къэрал хуэкIэмкIэ комитетым и унафэщI **Мэремыкъуэ Арсен**.

УФ-м и Конституцэм и 83-нэ статьям дыщIагъужам УФ-м и Президентыр хуит ещI езым и лIыкIуэхэр Федерацэмкlэ Советым хигъэхьэнуи къыхигъэкIыжыну. Конституцэм и 95-нэ статьям хальхьа зэхъуэкIыныгъэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, Федерацэмкlэ Советым ди къэралым и хэгъэгуэм я лIыкIуэу щыхуит (хабзэгъэув, гъэззэщIакIуэ органхэм я лIыкIуэ зырыз) хагъэхьэнущ.

Парламентархэм ящэ, етIуанэ хэплъагъуэхэм къыщызэдащтахэм ящыщщ «КъБР-м и Къэрал дамыгъэхэм и Iуэхукlэ» Унафэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щIиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и теплъэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щIиIэ фIыщIэм папщIэ» щIыхь дамыгъэм еймкIэ яхуэужащ. Абы къыщынэмыщIауэ, орденым и IэужьыгъуищитI уасхьэкри зы фIэкIа къагъэнакъым. Унафэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм орденым и пщIэмрэ щIыхьымрэ игъэлъэгэну къызэралъытэр щыжаIащ зэIущIэм.

КъыкIэлъыкIуэу депутатхэр хэплъащ «КъБР-м и Парламентым и Iуэхукlэ» унафэм зэхъуэкIыныгъэ халъхьэным. КъБР-м и парламент хэхьныгъэхэр щекIуэкIкIэ, Iэ зыIэтахэм я проценти 5-7 фIэкI къэзымыкьысфахэм зы депутат мандати иратыныкъым.

(КIэухыр 2-нэ нап. итщ).

● Хъыбар гуапэ

Микеланджели Артуро Бенедетти и цIэр зезыхьэ саугъэтыр Темыркъан Юрэ хуагъэфащэ

САВ фондымрэ пианистхэм я дунейпсо фестивалу Брешиемрэ Бергамэрэ щрагъэкIуэкIымрэ зэщIыгъуу Темыркъан Юрэ мэкъуауэгъуэм и 8-м кьратащ Микеланджели Артуро Бенедетти и цIэр зезыхьэ саугъэтыр. А дамыгъэ лъапIэр ильэс 13 хъуауэ ят. Нэхъапэм ар хуагъэфэщащ музыкант цIэрыIуэхэу Поллини Маурицио, Аргерих Мартэ, Ашкенази Владиммир, Ростропович Мстислав, Маазель Лорин, Мути Рекардэ, Лупу Раду, Кисин Евгений, Соколов Григорий, Ланг Ланг, Уги Уто, Майский Мишэ сымэ.

Абы теухуауэ зэхьыхэр къызэзыгъэпэщахэм ягъэхьэзыра тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуащ: «Темыркъан Юрэ урысей музыкэр гъэззэщIэныкIэ пщIэ хэха зиIэ цIыхущ. Абы кууэ хещIыкI Рахманиновым, Чайковскэм, Мусоргскэм, Римский-Корсаковым, Прокофьевым, Шостаковичым сымэ я творчествэм. Дирижерым иджырей музыкэри фIыуэ ельагъу, Ростроповичрэ Кремеррэ кьадэкIуэу абы и ныбжьэгъуфIщ Шнитке Альфред, Щедрин Родион сымэ.

Ди къэралым куэд лъандэрэ къыпыщIа Темыркъаным 2002 гъэм Аббьяти Франкэ и цIэр зезыхьэ саугъэтыр ираташ икIи Сантэ-Чечилие Академием щIыхь зиIэ и академику хахауэ щытащ».

Санкт - Петербург Шостаковичым и цIэр зэрихьэу щыIэ академическэ филармонием и пресс-Iуэхущlапlэ.

Иджыри зы пIалъэкIэ

Мэкъуауэгъуэм и 15-м екIуэкIа хэхьныгъэхэм щытекIуэри, Колумбием и президент Сантос Хуан Мануэль а къулыкъум иджыри зы пIалъэкIэ тетыну Iэмал игъэтащ.

Iэ зыIэтахэм я процент 51-м нэблагъэ абы и телъхьэт. Сантос и ныкъуэкъуэгъу Сулуага Оскар Ивани мащIэ къихьакъым - процент 45-м кьалъытэрт президент кьулыкъур абы нэхъ хуэфащэу.

Сантос Хуан Мануэль ильэс 62-рэ мэхъу. Абы и Iыхьлы куэд а къэралым и унафэщIкьулыкъуэм пэрытащ, уеблэмэ президент зыбжани кьахэкIащ. Псалъэм папщIэ, абы и адэшхуэм и кьуэш Сонтос Эдуардэ а къэралым и унафэщIу щытащ 1938 - 1942 гъэхэм.

Хабзэр къызэрызэпаудам и зэранкIэ

ЩIыдагъэм щелэжьу Ачинск дэт заводым газыр къыщыуэри, иужькIэ мафIэси къэхъуащ. Абы хэщIыныгъэшхуэ къишащ, ауэ нэхъ гуауэр псэдзыгъи къызэрыдэкIуарщ.

Иджыкlэ къызэратымкIэ, абы цIыхуих хэкIуэдащ, куэд сымаджэщхэм яшащ. КъегъэлакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, а бжыгъэр нэхъыбэнкIэ хъунущ, сыту жыпIэмэ заводым и унэ къызэтещэхахэр иджыри зэтрах.

Къалэ псом щызыхащIащ газыр лъэщ дыдэу къызэрыуар. МафIэсри апхуэдизкIэ инти, абы кьыпих Iугъуэр километр бжыгъэкIэ а щIыпIэм пэлэщIэ жылагъуэхэми щалъэгъуащ.

Къэхъуам и щхьэусыгъуэу къалъытэр апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIкIэ зытетын хуей хабзэхэр къызэрызэпаударщ, зэрымысакъарщ.

Я лъэщагъыр къепщытэ

Корее Ищхьэрэм и унафэщI Ким Чен Ын къипщытащ я дзэ тенджызь флотым и псыщIагъыркIуэ къхъухьэм я лъэщагъыр, абыхъэм я щытыкIэр. Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, ахэр зауэм зэрыхуэхьэзырыр зригъэщIащ.

Къэрал Iэтащхьэм унафэ ищIащ къхъухьэр ирагъэфIэкIуэну, зыхуей псомкIи къызэрагъэпэщыну.

«Къхъухьэм исхэр хуэгъэсэн хуейщ зауэ щытыкIэхэм къикIыфIыным, - жиIащ Ким Чен Ын. - ХьдзэлIхэм нэсу къагурыIуэн хуейщ КНДР-м и гъунапкъэхэр хъумэнымкIэ я пщэ къалэныншхуэ къызэрыдэхуэр».

НОБЭ

♦**ЩIыр игъущыкIынымрэ уэгъумрэ ебэныным и дуейпсо махуэщ.**

♦**Исландие Республикэм и махуэшхуэщ** - къэрал щхьэхуэ щыхъуар ягъэлъапIэ.

♦1565 гъэм Идар Темыркъуэ и къуэ Мамстрыкъу Москва кIуащ.

♦Экраныбгъуэ зиIэ «Восток» кинотеатрыр 1961 гъэм Налшык къыщызэIуахащ.

♦Мэкъуауэгъуэм и 17 - 18-хэм Брюссель щызэхэтынущ Кавказ ЩIыбым щынагъуэнщагъэр къыщызэгъэпэщыным щытепсэлъыхьыну зэIущIэ. Абы ирагъэблагъащ Абхъазым, Куржым, Урысеим, США-м, Осетие Ипщэм я лIыкIуэхэр.

♦Мэкъуауэгъуэм и 17 - 19-хэм Санкт-Петербург щекIуэкIынущ хущхъуэ зэхэзылъхьэжам я урысейпсо зэхуэсышхуэ. Абы кьрихьэлIэнущ хамэ къэрал куэдым я лIыкIуэхэри.

♦Мэкъуауэгъуэм и 17 - 20-хэм Лион (Франджы) щызэхэтынущ пластмассэ кьыщIэгъэкIыным теухуа дуейпсо зэхыхьэ.

♦КъэфакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **КIашэ Фёдор** къызэралъхурэ ильэс 74-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Урысыбзэмкlэ балли 100 къехь

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр урысыбзэмкIэ ятащ цIыху 6016-м. ИрагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, Iэмал имыIэу ятын хуей экзаменым Къэбэрдей-Балъкъэрым и курыт школхэр къызыухэр хъарзынэу екъуIащ. Экзаменыр зытахэм ящыщу проценти 2-рщ абы пэмылъэщащ. Абыхъэм ар ирагъэтыжьынущ мэкъуауэгъуэм и 18-м.

Лэжьыгъэхэм яхэтщ балл лъагэ къэзыхьахэр. Апхуэдэу цIыху 242-м балл 80-м нэхъыбэ ящыщ. Балли 100 къихьащ Налшык къалэ дэт гимназие №14 и гъэсэн пщащэм, лицей №2-мрэ курыт школ №5-мрэ къэзыух ныбжьыщIитIым балл 98-рэ яIэщ. Ахэр псори фIы дыдэу еджащ, олимпиадэхэм мызэ-мытIэу текIуэныгъэ къыщахьащ.

ЕмыхъулIэфахэм Iэмал аргуэру къыхуагъэлъагъуэ

Республикэм и курыт школхэр къэзыух ныбжьыщIэхэм мэкъуауэгъуэм и 11-м экзаменхэр ятащ химиемрэ обществознаниемкIэ. А предметитIыр еджакIуэхэм езыхэм къыхахыжахэм ящыщщ. Экзаменхэр абы хухаха щIыпIэ 34-м щекIуэкIащ, хабзэм тету ахэр къызэрызэрагъэпэщыр я нэIэм щIэтащ жылагъуэ кIэлъыплъакIуи 108-м.

Телефон зэраIыгъым къыхэкIыу, цIыхуитI экзаменым къыщIагъэкIащ. Ящэ Iыхьэм ирагъэкIуэкIа экзаменхэм щхьэусыгъуэ гуэркIэ емыкIуэлIэфахэм Iэмал яIэщ абы хухаха махуэ щхьэхуэхэм, мэкъуауэгъуэм и 17 - 19-хэм, ахэр ятыжыну.

НЫБЭЖЬ Таисэ,
КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхущхьэмкlэ и министерствэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

● Республикэм и губгъуэхэм

Ящэ хадэхэкIхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым курыт удзыфэ цIыкIур куэду къыщрахьэлIэж. Мы гъэм а къэкIыгъэр гектар мини 3,3-м щащIащ. Абыхъэм я нэхъыбэр республикэм и консерв заводхэм ейщ.

КъБР-м и консерв заводхым горох удзыфэ цIыкIуу банкI мелуан 8,5-рэ щагъэхьэзыращ. Ар нагъабэ и мыпхуэдэ зэманым ирихьэлIэу яхуэзфIэкIам нэхърэ процент 27-кIэ нэхъыбэщ.

Иджы заводхэм я лэжьакIуэхэм нащэхэр къехьэлIэжьи икIи ягъэфIэIун щIадзащ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

● Аруан щIыналъэ

Дахагъэм и махуэ

Нартхъалэ дэт Щэнхабзэмкlэ унэм щекIуэкIащ «ЩIалэгъуэмрэ дахагъэмрэ я махуэ» зыфIаща гуфIэгъуэ пшыхь.

«2014 гъэм и хъыджэбз нэхъ дахэр къыхэхыным екъуIа зэхьэзэхуэр, зэрыхабзэу, лъэныкъуэ зыбжанэкIэ гуэшауэ зэхэтащ; утыкум дахуэ итын, пщащэхэм я зэфIэкIыр къэхутэн, ахэр къыхахыну зыхуей Iэщlагъэхэм тегъэпсэлъыхьын, къэфэн, иджырей модэм тету езыхэм я Iэкlэ яда щыгъыныгъуэхэр гъэлъэгъуэн, актер Iэщlагъэм хуалэ щытыкIэр спектакль теплъэгъуэхэм щагъэбелджылын.

Зэпеуэм хэта пщащэхэр къыхуагъэува къалэнхэм хъарзынэу зэпэщащ. Псом хуэмыдэу абыхэм удихьэкыу ягъэзэщIащ алыдж мифологием къыщыхьа Iлыхъужьхэм я ролхэр.

Зэхьэзэхуэм и кIэухым къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ Нартхъалэ дэт « Планета» ДК-м и унафэщI, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Сапрыкинэ Галинэ. Абы махуэшхуэм кьрихьэлIа ныбжьыщIэхэр хигъэгъуэзащ «ЩIалэгъуалэмрэ дахагъэмрэ» екъэлIа апхуэдэ зэIущIэхэм яIэ гъэсэныгъэ зыбжанэхэм икIи дэтхэнэ зыри кьыхуриджащ зэманым декIуу, езыхэми я Iэху еплъыкIэ щхьэхуэрэ Iущагъэрэ ябгъэдэлъыжу, гъащIэ гъуэгуанэ зэрытеувэным хущIэкъунхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Къуэр фIымэ, анэр мэпсэу.

Жэщми махуэми мэлажьэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ iпащIофIэгъуэкIэ цIыхуэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

● Адыгэ цIэрыIуэхэр



Щамырзэ Моникэ (Черинэ Людмилэ) иджыри утыку къохьэ

Урысейпсо къэрал телерадиокомпанием и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и лэжьакIуэхэм Париж щытраха «Из рода Чемерзиных» фильмыр мэкъуауэгъуэм и 17-м сыхьэт 19-м Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм урысыбзэкIэ фыщепльыну Iэмал фиIэщ. Фильмыр теухуащ къэфакIуэ, сурэтыщI, скульптор, актрисэ Щамырзэ Моникэ (Черинэ Людмилэ).

Фильмыр адыгэбзэкIэ иджыблагъэ ВГТРК-м и республикэ къудамэмкIэ къатащ. Абы теухуа тхыгъэ нобэрей «Адыгэ псалъэм» и ещанэ напэкIуэцIым фыкъыщеджэ.

Щымахуэ зэманым дытохьэж

(КІэухьыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховани и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ фондым и унафэщІ **Литовченкэ Татьянэ** «ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховани и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ фондым и бюджетыр 2013 гъэзэщІа зэрыхъыар» игъэнэІуащ. Абы и кэхъуэм щыщу налогхэм къапэкІуар сом мелуан 961,4-р мэхъу, ар ягъэ тращІыхьам и процент 14,3-рэщ. Налогым щымыщу сом мелуан 69,191-рэ къахэхъуащ.

ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховани и щІыналъэ фондхэм щІыналъэ программэр ирагъэзэщІэну КЪРР-м и бюджетым къыхэкІыу бюджет зэхуаку трансферту къыхуаутІыпщын хуея сом 232 201,7-мкІэ къалэныр ягъэзэщІащ.

КъыкІэлъыкІуэу Литовченкэ Татьянэ и гугъу ищІащ «ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховани и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ фондым и бюджетыр 2014 гъэм, 2015 - 2016 гъэхэм зыхуэдэнум» унафэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхум. 2014 гъэм щегъэжьауэ «Недоимка, пени и штрафы по взносам в территориальные фонды обязательного медицинского страхования» статьям техьэ налогыр зэрыщІымыІэжым къыхэкІыу, ОМС-м и хэхъуэм ехьэлІа Іыхьэр сом мелуан 51-кІэ ягъэмэщІащ.

КЪРР-м и Парламентым лэжьыгъэмкІэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкІэ и комитетым и унафэщІ **Карныш Сергей** КЪРР-р зытет зэманым ехьэлІауэ къэпсэльащ. УФ-м и Къэрал Думэм УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий щІымахуэ зэманым техьэжьным ехьэлІауэ хуаГъэхьа лъэІур ди депутатхэм игъэуэу къалъытащ.

КъыкІэлъыкІуэу Правительствэм и сыхьэт екІуэкІащ. КЪРР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Мусуков Алий** и гугъу ищІащ 2012 - 2015 гъэхэм КЪРР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуэГъэпса программэр гъэзэщІа зэрыхъым.

2012 - 2014 гъэхэм къуриубыдэу ЩІалэгъуалэ палатэм зэфІигъэкІа, къыІэта Іэхуэхэм я гугъу ищІащ абы и унафэщІ **Джаппуев Мусса**.

Парламентархэм къызэдащтахэм ящыщу Урысей Федерацэм и Хабзэубзыку Іэнатіэмрэ парламентаризмэмрэ зауэныным КЪРР-м и Парламентым и Унафэщі Чечнэ Ануар хэлъхьэныгъэу хуищІар къалъытэу, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм «Парламентаризмэм и зыужьыныгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэм папщІэ» щІыхь дамыгъэр абы къратыну лъэІу тхьилъкІэ зэрызыхуагъэзар.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

• Дзэлыкъуэ щІыналъэ

Я щхьэ ягъэпсэуж

Зольскэ жылагъуэр жыдэжру ноби хэтщ щІыпІэхэр зэщІэгъэкъабзэныкІэ мазитІ лэжьыгъэм.

КЪУАЖЮ администрацэм и Іэтащхьэ Мамбэт Риммэ щыгъуазэ дызэриІамкІэ, щІыху 1390-рэ щІыпсэу жылэм сыт щыгъуи узэлэжьын щыбгъуэтынущ. Унагъуэ 200-м теухуауэ мыбы щыІэщ курыт еджапІэ, сабий сад, жылагъуэ зыбжанэ кхъыэщІэзыІубыдэ дэІэпыкъуэгъу псынщІэ.

Къуажэдэсхэр мы зэманым нэхъыбэу уней хадэжьм ийолэжьыхь, Іащрэ дждкъзэрэ ягъэхъу. КъыщынэмыщІауэ, гъавэрэ хадэжьклрэ зыщІэ бзджэндыдыплажьэу 25-рэ яІэщ. Псом ящхьэраци, лэжьапІэнщэрэ зи щхьэ зыхуэмыгъэпсэужрэ дэскъым. Зольскэм Іэнатіэ щызыныгъуэт язынныкъуэхэр адрей гъунэгъу куейкэм кІуэуэрэ щолажьэ.

Къуажэ администрацэр ткІийуэ къабзагъэм кІэлъоплъ. Хабзэм къемызэгъ пъхэнкІий идзыпІэ яІэкъым, щыІэхэр пІалъэ пыухыкІам тету къапщытэ, техникэ щхьэхуэ хухахри, зыхуей хуагъазэ. Апхуэдэу гъуэгубгъуэхэр, къулыкъущІапІэхэм я Іэгъуэблагъэхэр зэщІагъэкъабзащ, уэрам Іуфэхэм Іут жыгхэр зыхуей хуагъазащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КЪРР-м щыІэм щекІуэкІащ гъэмахуэ зыгъэпсэугъуэм цІыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным щытепсэлъыхьа зэІущІэ.

- ГЪЭМАХУЭ лъэхъэнэм щыщІидзэм ирихьэлІэу Урысей МВД-м и щІыналъэ органхэм щІыпІэ самоуправленэхэм, Урысей МЧС-м и Къэрал управленэу, ФСБ-м и Іуэхущ1апІэу КЪРР-м щыІэм я1ЫкІуэхэм ящІыгъуу узыншагъэр щагъэфІакІуэ ІэнатІэхэр террорым, мафІэсым зэрыщыхьумар, сабийхэр къраГъэблагъэным зэрызэхъэзырыр къапщытащ. КъыщІагъэща ныкъусаныгъэхэр къыщІэлъэгъуэ дэфтэрэхэр ахэр зыгъэзэкІуэжьипхъэхэм Іэрагъэхьащ, - жиІащ брифингыр кхъэІуэныха полицэм и участковэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэр кхъэзгъэпэщыныжьмкІэ, балигъ мыхъуахэм я Іуэхухэмкіэ къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ полицэм и полковник **Ащхьэуэт Аслъэн.**

Иджыпсту республикэм и санаторэхэм, пансионатхэм, школхэм щылажьэ лагерхэм сабий 4420-м я узыншагъэр щагъэфІакІуэ, зыщагъэпсэху. Ащхьэутым кхъэзрыгъэщащи, дэтхэнэ зы Іуэхущ1апІэми иІэщ КЪРР-м щыІэ МВД-м и пльыр частхэм, полицэм и участковэ уполномоченнэхэм хуей хъумэ зэрызыпащІэну телефонхэр, «дзыхь зрагъэз» телефоныр яІэщ. Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм КЪРР-м и санаторэ-курорт комплексхэм жылагъуэ хабзэр щыхъумэным, щІыхухэм я шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным полицэм и лэжьакІуэ 600-м щІигъу ирагъэбыдыІащ.

Ащхьуэт Аслъэн зызэрыхигъэщащи, къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэр зызыгъэпсэху сабийхэм ядолажьэ, абыхэм къемызэгъ ткІиягъ хэлъу яБгъэдыхьэмэ, жэуап зэрахъынум гъэсакІуэхэри щыгъуазэ ящІ.

Гъуэгуэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным, иужьрей зэманым сабий нэхъыбэ хэкІуадэ зэрыхъуам къытеувыІащ КЪРР-м щы-Іэ МВД-м и УГИБДД-м и гъуэгупльыр къулыкъум и къудамэм и унафэщІым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ полицэм и полковник **Шэрджэс Сослан.**

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, балигъхэм гъуэгум шынагъуэншэу щызекІуэным сабийхэр хуагъасэкъым. Абы кхъыхэкІыу республикэм и автоинспекцэр кэпльэнущ еджапІэхэм я программэхэм гъуэгуэхэм шынагъуэу щызекІуэныр щаджыну сыхьэт хухахыным.

Сабийхэр шынагъуэншэу къешэкІыным и гугъу щищІым кхъэзрыхигъэщащи, автоинспекцэм къыщызэгъэпэщащ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм гъуэгуэхэм тэмэму щызекІуэным теухуа Іуэхугъуэхэр кхъэзыгъэнэщыну гуп щхьэхуэ.

КЪРР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м кІэлъыплъныгъэмкІэ и къудамэм пщэрыльэ хэхахэмкІэ и инспектор **Жыласэ Мурат** зэрыжиІамкІэ, сабийуэ 8 е нэхъыбэ зыхэт гупыр гъуэгу кІыхь тетынумэ, медицинэ лэжьакІуэ ящІыгъун хуейщ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Зыгъэпсэхупіэхэм шынагъуэншагъэр къыщызэрагъэпэщ

• ЗэІущІэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м къищта унафэ №285-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм гъатхэпэм и 19-м Налшык къалэ №35-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхъэм я инвентаризацэ щегъэжьауэ щыІэныр и Іуэхукіэ» къищта унафэ №285-ПП-м мыпхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) 2-нэ пунктым и еплІанэ абзацым хуэру имыІэжу къэлъытэн;

б) 4-нэ пунктым и еплІанэ абзацым «2014 гъэм щыщыІэм и 1-м» псалъэхэр «2014 гъэм мэлыжьхьыым и 1-м» псалъэхэмкІэ щызэхъуэкІын;

в) 5-нэ пунктым «2014 гъэм мазаем и 15-м» псалъэхэр «2014 гъэм мэлыжьхьыым и 10-м» псалъэхэмкІэ щызэхъуэкІын;

г) 6-нэ пунктым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщім и къуэдзэ Марьяш И. Е.» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщім и япэ къуэдзэ Альтуд Ю. Къ.» псалъэхэмкІэ щызэхъуэкІын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш щащІэ щІыхэм, нэгъуэщІ щІы лІэужьыгъуэхэм я инвентаризацэ ирагъэкІуэкІыныр къызэзыгъэпэщыну республикэ комиссэм хэтхэр къыщтэн.

3. Мы унафэм къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі ХАРАМОВ Константин

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм гъатхэпэм и 19-м къыдигъэкІа Унафэ №35-ПП-мкІэ къащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш щащІэ щІыхэм, нэгъуэщІ щІы лІэужьыгъуэхэм я инвентаризацэ ирагъэкІуэкІыныр къызэзыгъэпэщыну республикэ комиссэм хэтхэр

Алътуд Ю. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщім и япэ къуэдзэр *(республикэ комиссэм и унафэщІу)*

Къэрмокъуэ Хь. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал чэнджэщгъэр *(республикэ комиссэм и унафэщІым и къуэдзэщ)*

Тонконог А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІы, мыльку зэхущытыкІэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр *(республикэ комиссэм и унафэщІым и къуэдзэщ)*

Щыхьмырзэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрыр *(республикэ комиссэм и унафэщІым и къуэдзэщ)*

Іэщым С. А. - Къэрал мылъкур зехьэныжьмкІэ федеральнэ агентствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІиІэ щІыналъэ къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Ахъуэхъу Къ. М. - Шэджэм муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуаУэ)*

Безрокъуэ З. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкур зехьэныжьмкІэ щІы зэхущытыкІэхэмкІэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІыр *(комиссэм и секретарщ)*

Бирюк А. А. - Прохладнэ къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаУэ)*

Говоров С. А. - Прохладнэ муниципальнэ районым и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуаУэ)*

Джатэ Р. Хь. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуаУэ)*

Жэмыкъуэ А. М. - Къэралым итхыныкІэ, кадастрымкІэ, картографиемкІэ федеральнэ Іэнатіэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Кебеков В. С. - Лэсхэн муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаУэ)*

Къуэдзокъуэ М. М. - Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуаУэ)*

Куэшей А. Дж. - Аруан муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуаУэ)*

Мэкъуауэ А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и къэрал-правовой къудамэм и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Малкаров А. А. - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаУэ)*

Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр

Недугов А. Н. - «Къэралым итхыныкІэ, кадастрымкІэ, картографиемкІэ федеральнэ Іэнатіэм и Федеральнэ кадастр палатэ» федеральнэ бюджет Іэухущ1апІэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмкіэ и къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Пэнагуэ М. А. - Тэрч муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаУэ)*

Сыжажэ Хь. Л.- Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаУэ)*

Темиржанов М. О. - Шэрэдж муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаУэ)*

ЛІыхъугу Хь. Хь.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграр политикэмрэ щІы зэхущытыкІэхэмкІэ и комитетым и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Хьэщлакъ С. Хь.- Бахъсэн къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаУэ)*

Шипов В. А. - Май муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаУэ).*

• ЩІэныгъэ

Іуащхьэмахуэ зэхуешэс

КъБКъУ-м Іуащхьэмахуэ лъапэ щиІэ егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и комплексым щызэхэтащ «Микро-нанотехнологиер - электроникэм» фІэщыгъэм щІэт VI дунейпсо щІэныгъэ-техникэ конференц.

ФУНДАМЕНТАЛЬНэ къэхутэныгъэхэмкІэ Урысей фондым мылъкуКІэ къадиІыгъа зэІущІэм щыхэпльащ Урысейм и къэл 15-м, нэгъуэщІ къэралыгъуэхэм щІэныгъэ организацэ 32-м къабгъэдэкІа лэжьыгъэ нэхъыфІхэр. Апхуэдэу Іуащхьэмахуэ зи зэфІэкІ щызыгъэлъэгъуагъэм ящыщщ Москва и къэрал университетыр, электрон техникэмкІэ институтыр, инженер-физическэ институтыр, РАН-м и Дагъыстэн щІэныгъэ центрым физикэмкІэ и институтыр.

Конференцым щащІа докладхэр теухуауэ щытащ микро-наноэлектроникэм къыщагъэсэбэп пкъыгъуэхэр нэсу къэпщытэным. ЩІэныгъэлІхэм я къэхутэныгъэхэр иджырей мардэхэм тету зэрызэпэкърах Іэмалхэмрэ щІэуэ къэунэхуа зыхуей-зыхуэфІхэмрэ ехьэлІа доклад гъэщІэгъуэнэхэр щыІэщ.

ЗэІущІэм жьаджэру хэта Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и щІэныгъэлІхэм наонотехнологиемкІэ яІэ зэфІэкІхэмрэ екъуІэныгъэхэмрэ я фІыгъэщ апхуэдэ дунейпсо зэІущІэшхуэр ди щІыналъэм зэрыщрагъэкІуэкІар.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Щыгум нып ыр щагъэув

Я махуэшхуэм ирихьэлІэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Іэпхъуэшапхъуэ къулыкъум и ІуэхущІапІэу Ащхьэрей-Балъкъэрым щыІэм и лэжьакІуэ гуп Іуащхьэмахуэ щыгу дэкІащ икІи ФМС-м и ныпыр метр 5642 лъагапІэм щагъэуваш.

• Щапхъэ

ЕВРОПЭМ и щыгу нэхъ лъагэ Іуащхьэмахуэ дэкІынухэр къыхахри, къапэщыт гъуэгуанэм мазитКІэ хуагъэхьэзыращ. Ахэр щежьэм псалъэ гуапэхэмкІэ захуигъэзащ УФ-м Іэпхъуэшэпхъуэным кІэлъыплъ Іэнатіэм и федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковник Лъеннщэ МуІэед.

КъБР-м щыІэ УФМС-м и Іуащхьэмахуэ щІыналъэм къудамэм и Іэтащхьэ Къэзакъ Алим, УФМС-м и ІэщІагъэлІхэу Башиев Рашид, ТІуп Къантемыр, Къуэн Рустам (Аруан район къудамэ), программист КІэбышэ Владимир сымэ зыхэт гупым Іуащхьэмахуэ щыгум щагъэтІылъащ Управленэм и унафэщІхэм къабгъэдэкІ тхыгъэр зэрылъ капсулэ. «Къэрал политикэщІэ Іэпхъуэшапхъуэ ІэнатІэм щызэтеухуэным, иужькІэ ар пхыгъэкІыным уныпІэ хэха щаІыгъ Іэпхъуэшапхъуэ къулыкъум и лэжьакІуэхэм. Абы Іуэхум фІыуэ зэрыхащІыкІым, жэуапльныгъэ зэрахэлъым, щІэныгъэ зэрабгъэдэлъым, я пэжагъым я къулыкъу къаленхэр пщІэ иІэу ирахьэкІынымкІэ сэбэп кІаухуохъу», - къыхощ тхыгъэм.

Дунейр уэлбанэу, жьащІэу, щыгум уэс къыщесу ирихьэлІами, УФМС-м и лэжьакІуэхэм зыхуагъэуэвыжа мурадыр ерыщу зрагъэхъуІащ. Абыхэм фІыщІэ хуащІ Іуэхум тезыгъэгушхуа, я гукъыдэжыр къэзыІэту гъуэгуэгъэлъагъуэу ягъуса Байзулаев Алий.

Іуащхьэмахуэ дэкІахэм щыгум къикІыну я лэжьэгъухэм, хэхауэ Кърым Республикэм, Славянск къалэм къыщызэрагъэпэща ФМС-м щІыналъэ ІэнатІэщІэхэм я лэжьакІуэхэм хъуэхъу псалъэхэмкІэ зыхуагъэзащ.

ДэрэжэгъэкІэ гъэнщІа гукъэкІыжхэр я куэдщ гупым хэтахэх. «Кавказ псом ущыщхьэщытым деж укъэзыщухъуренхь бгыхэр щыкІуэ, гъащІэм узыщрихьэлІэ гугъуехьхэр кхъэзрыгъэкІыу къыпщохъу», - къыддэгуэшащ ахэр.

БИТТИРОВЭ Хьэнифэ.

ЗэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэ

КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и VI зи мычэзу конференц екІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ Урысейм и Профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэм и VIII съездым къыщащта ФНПР-м и Уставым игъуэта зэхъуэкІыныгъэхэм якъ иткІэ Профсоюз зэгухьэныгъэхэм я Уставми зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным.

ЗЭІУЩІЭМ кырихьэлІащ КъБР-мкІэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Вербицкий Алексей, республикэм и Іэтащхьэм и администрацэм къэрал кІуэцІ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Къуэжей Артем**, КИФЩІ-м щыІэ ФНПР-м и лІыкІуэ **Ахъей Фаинэ,** профсоюз комитетхэм къикІахэр.

КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Ащхьуэ ФатІимэт** зи мычэзу конференцыр нэхъыщхьэу зытеуухуам, гу нэхъ зыльытапхьэм къызэуэсахэр щыгъуазэ ящІащ.

- ФНПР-м и съездым къыщащта зэхъуэкІыныгъэщІэхэм я мыхьэнэ нэхъыщхьэр профсоюзхэр нэхъри гъэбыдэныщ. Гугъуехьхэр здэщыІэ экономикэм лэжьакІуэбэм я хуитныныгъэхэр щахъумэфын, абыхэм къащхьэщыжьыфын папщІэ профсоюзхэр зэкъуэту зэдэлэжьапхъэщ. Зэманым къигъэуващ зэхъуэтыныгъэр гъэлъэщын, политикэ Іуэхугъуэхэр пхыдгъэкІын, профсоюз кадрхэр дгъэбыдэн хуейуэ. Ар мыхьэнэщхуэ зиІэщ икІи дызыхуэныкъуэщ, - жиІащ Амщокъуэм.

ЗэхъуэкІыныгъэщІэхэм я гугъу щищІым абы къыхигъэщащ ФНПР-м и съездым къыщащта унафэхэм япкъ иткІэ щІыналъэ профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэхэри ФНПР-м и Уставым и Іыхьэ нэхъыщхьэм къыщыгъэлъэгъуахэм тетын зэрыхуейр.

- Профсоюзхэм къагъэувэр пхагъэкІын папщІэ гугъуехьхэр къагурыІуэу, зызэхащІыкІыу, зэкъуэту зэдэлэжьэн, псом я дежкІи зыуэ щыт унафэ къащтэн хуейщ. Абы папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, зэрыщыту къэралым и профсоюз зэгухьэныгъэм зиужьын папщІэ екъуІэныгъэхэр къызэрыкІуэ лэжьыгъэ зэфІэтхъухъэщ, - жиІащ Амщокъуэм ФатІимэт.

КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и Уставым халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм и проектым екъвІа я Іуэху епльыкІэхэр, гу зылъытапхъэхэр къызэхэсахэм къагъэлъэгъуа нэужь, зыхуэфащэ унафэ къащтащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Сурэтыр **Мамий Руслан** *трихащ.*

Терроризмэм и бий лъэпкъ комитетым къыбгъэдэкІ хъыбар

Терроризмэм и бий лъэпкъ комитетым и Оперативнэ штабым щІэпхъаджащІэ гупхэм хэтхэмрэ абыхэм щІэгъэкъуэн яхуэхъуэмрэ къэхутэным икІи абыхэм ялэжьхэр къыззыпудыныным хуэгъэзауэ зэфІагъэкІыну пщэрыльрыщищІа къаленхэр щагъэзащІэм Урысейм и ФСБ-мрэ МВД-мрэ я лэжьакІуэхэм мэкъуауэгъуэм и 12-м пщэдджыжьыр сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 15-м КЪРР-м и Дзэлыкъуэ районым щыІэ Светловодскэ къуажэм и гъунэм къыщагъуэтащ щІэпхъаджащІэхэм зыщагъэпщкІу блиндажыр. Зыкъатыну жраІа щхьэкІэ, ар ямыдэу Іэщэкіэ къажэуэ щІадзащ. Урысейм и МВД-м и къэрал кІуэцІыдзэхэм я зауэлІитІ уэгъгъэ ящІащ.

ЦІыхухэм я шынагъуэншагъэр Дзэлыкъуэ районым и щІыналъэм щыхъумэн мурадкІэ, абы КТО-м и хабзэ щагъэуващ. Щызэхэуэм щІэпхъаджащІэ гупым жыджэру хэтхэу щыІащ. Ахэр 2013 гъэм и дыгъэгъазэ лъандэрэ къэрал псом къыщалъыхьэу Маргъущ Артур, абы и Іыхьлы Маргъущ Рустам, апхуэдэу нэхъапэм суд зытращІыхьаУэ щыта Тембот Марат сымэщ.

Штабым къитахэм ятепщІыхьмэ, абыхэм щІэпхъаджагъэ зыкъом ялэжьащ: хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэм ятеуащ, цІыху мамырэр яуІащ, ягъэшынэурэ, хьэрычэтыщІэхэм ахъшэшхуэхэр къыІахащ. Псалъэм и хьэтыркІэ, зи гугъу тщІы гупым щыщхэр хэтащ мы гъэм щышылэм и 8-м щІэпхъаджагъэ хьэлъэ зылэжьахэм - а махуэм Ставрополь крайм щыщ таксистхэу хы яуІащ.

ЩІэпхъаджащІэхэм зыщагъэпщкІуу щыта блиндажым бомбэ Іэрыщ1хэр щагъэхьэзыр лаборатор къагъэтащ. Іэщэ зыбжанэ къыщІахащ: зы автомат, кІэрахьуитІ, гранатэ, апхуэдэу шэ куэд.

ЦІыху мамырхэм ящыщу зыми зыри къыщыщІакъым.

ФщІэн папщІэ

КъБР-м щыІэ оперативнэ штабым хъыбар егъащІэ цІыхухэм я гъащІэмрэ узыншагъэмрэ, мылькукІэ цІыхухэм я сэбэп зыхэлъ нэгъуэщІхэу къэралым ихъумэхэмкІэ щынагъуэ зэрыщымыІэжым къыхэкІыну Урысейм и ФСБ-м КЪРР-мкІэ и къудамэм и унафэщІ генерал-майор Кменный С. Л. терроризмэм и бий хабзэу (КТО) 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 15-м КЪРР-м и Дзэлыкъуэ районым и Шордакъ, Светловодскэ, Дзэлыкъуэ, Дзэлыкъуэдэс къуажэхэр зыхиубыдэ щІыналъэм щагъэувауэ щытар зэрыІуахьжамкІэ.

«Терроризмэм пэщІэтыным и Іуэхукіэ» Федеральнэ закон №35-ФЗ-уэ 2006 гъэм гъатхэпэм и 6-м къыдэкІам тету Урысейм и ФСБ-м КЪРР-мкІэ и къудамэм и унафэщІым 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м сыхьэт 11-рэ дакъикъэ 30-м КТО-м и хабзэр, ар зэрагъэувам къыхэкІыу цІыхухэм паубыдхэри Іуахьжащ.

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штаб.

Иджыблагъэ щыгъуазэ фызэрытщIащи, Урысейпсо къэрал телерадиокомпаниием и Къэбэрдей-Балъкъэр (ВГТРК) къудамэм и унафэщI Къэзанш Людмилэ зи пашэ гупым Щамырзэ Моникэ (Черинэ Людмилэ) теухуауэ Париж щытриха фильмыр ВГТРК-м и республикэ къудамэмкIэ япэу къагъэлъэгъуащ.

● ФильмыщIэ

«Щамырзэхэ я вагъуэ»

КЪУЖЫЦIАПХЪЭЩ Щамырзэ Моникэ теухуа фильм Къэзанш щыгъуазэ щыгъуазэ зыщIишами ярейуэ, и лъэпкъэгъуэхэм я хьэл-щэнхэм ящыщ куэд, псом хуэмыдэу пагагъэр, уардагъэр хэлъащ. Людмилэ и адэ Авенири лIы хуэмыхутэкъым. Зыхэтхэм фIыкIэ къыхэщырт. Ар урыс пащтыхым и дэрэ полковник къулыкъым нэсыху хэтащ, инженер Iэщ1агъэ иIащ. 1906 гъэм абы япэу къигупсысауэ щытащ шэ зыпхымыкI фащэ - бронежилет жьыхуIэр, хьыбарегъащIэу дэрэ къыщагъэсэбэп хьэрэкIытIэри аращ зи IэрыкIыр. 1917 гъэм къэхъуа революцэм и ужькIэ Авенир Франджым Iэпхъуащ, абы щхьэгъуэ щыхуэхъуащ Фенет Стефан. Куэд дэмыкIыу абыхэм я унагъуэм хъыджэбэ щыкIу кьэхъуащ. Абы Моникэ фIащащ. Людмилэ цIэр абы нэхъ иужьыIуэкIэ игъуэтащ. Стефан гъуазджэм и лэжьакIуэт, и IэщIагъэм фIыуэ хищIыкIырт. И щхьэгъуэ Авенир здигъэIэпыкъури, франджы литературэм и фIыпIэр щыгъэхуэхьэса тхыльэ кьыдигъэкIауэ щытащ. Апхуэдэ унагъуэм ис сабийри гъуазджэм димыхьэхьнкIэ, абы имытхьэкъункIэ Iэмал иIэтэкъым. Моникэ и адэм пэкIэ пэгъунэгъуэт, гъуазджэм лъагъуэ щыхуэхэзышари и адэрауэ кьилъытэрт. Моникэ и ныбжьыр илъэситху фIэкIа мыхьуу балет утыкум ихьауэ зэрыщытар зыми щIимыгъэщIэгъуари арагъэнщ. Моникэ илъэс 15 щыхъуэ Чайковский Петр и «Лебединое озеро» балет цIэрыIуэм хъуа къыуэ и пашъхитер. Ар апхуэдизкIэ дахэу, гупэр псэмрэ дыхьэу къэфати, Iэгуаузэхуэ хуаIэтауэ щытащ. Апхуэдэ ныбжьым иту ар зэзыгъэхъуIэфа а зэманым зыри щыIакъым. Хьыджэбз щIыкIум и гъэсакIуэ Преображенская Ольгэ Моникэ и зэфIэкIхэм пасэу гу лъитэри, абы нэхъри зэрызригъэужьыным тедзэкащ.

Зигури зи псэри къафэм итхьэкъуа пащащэм гу кIыльитащ блэкIа лIэщIыпIуэм и балетым и вагъуэ нэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщ Лифар Серж. Ар Плейель и цIэр зезыхьэ театрым и балетмейстр цIэрыIуэт. Серж Моникэ кьелъэIуащ и гъусэу лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэнэрэ кьыдекIуэкI хабзэхэр зыщIишами ярейуэ, и лъэпкъэгъуэхэм я хьэл-щэнхэм ящыщ куэд, псом хуэмыдэу пагагъэр, уардагъэр хэлъащ. Людмилэ и адэ Авенири лIы хуэмыхутэкъым. Зыхэтхэм фIыкIэ къыхэщырт. Ар урыс пащтыхым и дэрэ полковник къулыкъым нэсыху хэтащ, инженер Iэщ1агъэ иIащ. 1906 гъэм абы япэу къигупсысауэ щытащ шэ зыпхымыкI фащэ - бронежилет жьыхуIэр, хьыбарегъащIэу дэрэ къыщагъэсэбэп хьэрэкIытIэри аращ зи IэрыкIыр. 1917 гъэм къэхъуа революцэм и ужькIэ Авенир Франджым Iэпхъуащ, абы щхьэгъуэ щыхуэхъуащ Фенет Стефан. Куэд дэмыкIыу абыхэм я унагъуэм хъыджэбэ щыкIу кьэхъуащ. Абы Моникэ фIащащ. Людмилэ цIэр абы нэхъ иужьыIуэкIэ игъуэтащ. Стефан гъуазджэм и лэжьакIуэт, и IэщIагъэм фIыуэ хищIыкIырт. И щхьэгъуэ Авенир здигъэIэпыкъури, франджы литературэм и фIыпIэр щыгъэхуэхьэса тхыльэ кьыдигъэкIауэ щытащ. Апхуэдэ унагъуэм ис сабийри гъуазджэм димыхьэхьнкIэ, абы имытхьэкъункIэ Iэмал иIэтэкъым. Моникэ и адэм пэкIэ пэгъунэгъуэт, гъуазджэм лъагъуэ щыхуэхэзышари и адэрауэ кьилъытэрт. Моникэ и ныбжьыр илъэситху фIэкIа мыхьуу балет утыкум ихьауэ зэрыщытар зыми щIимыгъэщIэгъуари арагъэнщ. Моникэ илъэс 15 щыхъуэ Чайковский Петр и «Лебединое озеро» балет цIэрыIуэм хъуа къыуэ и пашъхитер. Ар апхуэдизкIэ дахэу, гупэр псэмрэ дыхьэу къэфати, Iэгуаузэхуэ хуаIэтауэ щытащ. Апхуэдэ ныбжьым иту ар зэзыгъэхъуIэфа а зэманым зыри щыIакъым. Хьыджэбз щIыкIум и гъэсакIуэ Преображенская Ольгэ Моникэ и зэфIэкIхэм пасэу гу лъитэри, абы нэхъри зэрызригъэужьыным тедзэкащ.

Щамырзэм и гур зыхьэхуэр езым хуэдэу гъуазджэр зи псэм хэль къэфакIуэ Iэзэ Эдмонд Одранщ. Ауэ, унагъуэ насыпым зыщимыгъэнщIауэ, и щхьэгъусэм куэдрэ дэмыпсэуауэ, абы гузэвэгъуэ ин игъэвын хуей хъуащ. Эдмонд машинэм иукIащ. Гузэвэгъуэр хьэлъэу зыхэзыщIа Щамырзэм абы щытхъуэ псалъэ быдэ итат афIэкIа утыку имыхьэну. ФIыщIэу илъагъу, и гъащIэм щыщ Iыхьэ хъуауэ щыта кьафэр Людмилэ апхуэдэу Iэщ1ыб ищIын хуей хъуащ. Ауэ псэ дахэ, кьулей зиIэ, зи зэманыр зэпэльытауэ, IуэхушхуэхэмкIэ гъэнщIауэ зэгъуэгурыкIуа цIыхубзым и дежкIэ нэхъ гугъуэт зыри имыщIэу щысынщ. Абдежым бзылъхугъэм кинематографием зрет, сценарийхэр етх, езы Людмили фильм зыбжанэм щоджэгу. Апхуэдэхэщ, «Вакъэ плъыжь цIыкIуитIыр», «АмкIыщ», «Гофман и таурыхъхэр», «Геруэль щыщу хьэщыкъ зэхуэхьуэхэр», нэгъуэщIхэри. КьыжьIапхъэщ, абыхэм ящыщ тепльэгъуэхэр фильмым зэрыхагъэхьар.

Черинэ хэлъхьэныгъэфI хуищIащ сурэт щIыным, скульптурэм, кьафэм, литературэм, кинематографием. Париж Ищхьэрэ вокзалым, Евротоннелым кIуэ мафIэгур зытекIым и гупэм, Людмилэ ищIа скульптурэ иныр щыщагъэувым абы зыкъыгъэхьэлIауэ щытащ Инджылызым и пащтыхь гущэ Елизаветэ ЕтIуанэм, Францыим и премьер-министр Жак Ширак, нэгъуэщI хьэщIэ лъапIэхэм.

Апхуэдиз зэфIэкI зиIэ бзылъхугъэр зыхунэмысар зы закъуэщ - ар анэ хъуакъым. А гуныкъуэгъуэрауэ хуагъэфащэ Людмилэ и скульптурэ нэхъ хьэлэмэт дыдэм - «Европэм ищIэ зыфIищам, анэмрэ и сабийм» ЭпIлI зэращIэкIауэ щыпIалъагъум, лъабжьэ хуэхъуар - езыр зыхунэмыса, имылъэгъуа сабийр, кьимыгъэсэбэпа хуабагъэр, гурыщIэр. Абы кьытращIыкIам егъэдахэ адыгэ бзылъхугъэ гъуэгъэдж, зи дахагъэмрэ зэфIэкIкIэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа Щамырзэ Людмилэ и кхъащ. Париж и курыкупсэм хуэзэ Монмартр хьэблэм дэтщ а кхъэр.

«Европэм игу» скульптурэр Страсбург щыIащ, Европэ парламентым и бжэIупэм Iутщ, Европэм и нэщэнэу ябж. Людмилэ кьыхуагъэфащат кьэралым и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэу кьалытэ щIыхь зиIэ легионым и орденыр, Париж кьалэм и дыщэ медалыр, Леонардо да Винчи и дыщэ медалыр, балетым, кином и фестиваль куэдым я саутъэтхэр.

Урысейпсо кьэрал телерадиокомпаниием и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм фIыщIэ хуещI фильмыр ягъэхьэзырынымкIэ къадэIэпыкъуахэу ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, ЖьэкIэмыхъу Маринэ, Дымхэ Мухьэмэдэр Еленэрэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Гъуазджэ

Дахагъэм и къежьапIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Льэпкъ музейм щагъэлъагъуэ КъБКъУ-м декоративно-прикладной гъуазджэмкIэ и факультетым (ДПИ) сурэтыщI гъуазджэхэмкIэ и кафедрэм и къудамэм и студентхэм я лэжьыгъэхэр.

«СТУПЕНИ к мастерству» зыфIащa гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьащ студент 22-м еджапIэм къалэн къыщащIа лэжьыгъэхэм хьыхьу ягъэхьэзырахэр. Кьыхэгъэщыпхъэщ зи сурэтхэр утыку кьизыхьа студентхэр зэрыщIыкIурэ гъуазджэм зэрыдихьэхыр, языныкъуэхэм ГъуазджэхэмкIэ сабий школыр, КъБКъУ-м ДизайнымкIэ и колледжыр еуэлIэныскIэ кьаухауэ еджапIэ нэхъыщхьэм я щIэныгъэм зэрыщыхагъахъуэр.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуздэз **Карчаевз Iэминэ** жиIащ студентхэм я лэжьыгъэхэр зэрыхьэлэмэтыр, дэтхэнэ зэрэтыщIми Iэуху бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ зэриIэр икIи абыхэм республикэм и гъуазджэм хэлъхьэныгъэфI хуащIыну гугъэ зэрыуагъэщIыр. Ар щIалэгъуалэм ехъуэхъуащ ехьулIэныгъэфIхэр яIэну, лъагапIэщIэхэм хуэкIуэну.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуздэз **Саенкэ Татьянэ** кьыхигъэщащ лэжьыгъэхэр игу зэрырихьар, сурэтыщI ныбжьыщIэхэр зыгъэгузавэ Iэхуэхэр, я пэсэныгъэр къыщагъэльэгъуа лэжьыгъэхэм купщIэрэ гупсысэрэ зэрахэльыр. Татьянэ студентхэм ехъуэхъуащ я лэжьыгъэхэмкIэ цIэрыIуэ хъуну.

КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарь **Сындыку Нелли** жиIащ мы Iухум щIалэгъуалэр куэду къызэрырихьэлIам, сурэтыщI ныбжьыщIэхэм езыхэм дуней лъагъукIэ зэрагъэжьам зэрыгидзыжьыр, языныкъуэхэм ГъуазджэхэмкIэ сабий школыр, КъБКъУ-м ДизайнымкIэ и колледжыр еуэлIэныскIэ кьаухауэ еджапIэ нэхъыщхьэм я щIэныгъэм зэрыщыхагъахъуэр.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуздэз **Карчаевз Iэминэ** жиIащ студентхэм я лэжьыгъэхэр зэрыхьэлэмэтыр, дэтхэнэ зэрэтыщIми Iэуху бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ зэриIэр икIи абыхэм республикэм и гъуазджэм хэлъхьэныгъэфI хуащIыну гугъэ зэрыуагъэщIыр. Ар щIалэгъуалэм ехъуэхъуащ ехьулIэныгъэфIхэр яIэну, лъагапIэщIэхэм хуэкIуэну.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуздэз **Саенкэ Татьянэ** кьыхигъэщащ лэжьыгъэхэр игу зэрырихьар, сурэтыщI ныбжьыщIэхэр зыгъэгузавэ Iэхуэхэр, я пэсэныгъэр къыщагъэльэгъуа лэжьыгъэхэм купщIэрэ гупсысэрэ зэрахэльыр. Татьянэ студентхэм ехъуэхъуащ я лэжьыгъэхэмкIэ цIэрыIуэ хъуну.

КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарь **Сындыку Нелли** жиIащ мы Iухум щIалэгъуалэр куэду къызэрырихьэлIам, сурэтыщI ныбжьыщIэхэм езыхэм дуней лъагъукIэ зэрагъэжьам зэрыгидзыжьыр, языныкъуэхэм ГъуазджэхэмкIэ сабий школыр, КъБКъУ-м ДизайнымкIэ и колледжыр еуэлIэныскIэ кьаухауэ еджапIэ нэхъыщхьэм я щIэныгъэм зэрыщыхагъахъуэр.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуздэз **Карчаевз Iэминэ** жиIащ студентхэм я лэжьыгъэхэр зэрыхьэлэмэтыр, дэтхэнэ зэрэтыщIми Iэуху бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ зэриIэр икIи абыхэм республикэм и гъуазджэм хэлъхьэныгъэфI хуащIыну гугъэ зэрыуагъэщIыр. Ар щIалэгъуалэм ехъуэхъуащ ехьулIэныгъэфIхэр яIэну, лъагапIэщIэхэм хуэкIуэну.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуздэз **Саенкэ Татьянэ** кьыхигъэщащ лэжьыгъэхэр игу зэрырихьар, сурэтыщI ныбжьыщIэхэр зыгъэгузавэ Iэхуэхэр, я пэсэныгъэр къыщагъэльэгъуа лэжьыгъэхэм купщIэрэ гупсысэрэ зэрахэльыр. Татьянэ студентхэм ехъуэхъуащ я лэжьыгъэхэмкIэ цIэрыIуэ хъу

«Звёздочка» сабий ансамблыр къофэ.

Нартандэсхэм я ехъулIэныгъэ

Сабийм уигурэ уи псэрэ яхуэзIухауэ уахэтмэ, абы къыпэкIуэну гухэхъуэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ, ехъулIэныгъэр щIыгъуж, зэрыкуэдыр наIуэ мэхъу Нартан къуажэм щызэхэт «Звездочка» сабий ансамблым ущыкIэлъыплъкIэ. Ар къызэзыгъэпэщари сабийхэр зыгъасэри илъэс 20-кIэ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым къыщыфа Къурашэ Эдуард.

● Гъэугу къежьапIэ

Къурашэ Эдуард и гъэсэн цIыкIухэр и гъусэу.

КЪЭФАКIУЭ гупыр илъэсрэ ныкъуэрэ хъууэ аращ къызэрыуэхурэ, ауэ ехъулIэныгъэ хъарзынэхэр зыIэригъэхьащ. Псалъэм папщIэ, ар хэтащ сабий художественнэ творчествэмкIэ «Созвездие Эльбруса» республикэ фестивалым, абы къыпэкIуэу «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и фIыщIэ тхылъ къыхуагъэфэщащ. Куэд щIакъым художественнэ творчествэмкIэ Пятигорск щекIуэкIа «Хрустальный шар» IV дунейпсо фестиваль-зэхьэзхуэм щытекIуэу къызэрыкIуэжрэ. Абыхэм къадэкIуэу, ди республикэм къыщызэрагъэпэщ зэхьихьэ зэмылIэужьыгъуэхэм жыдэжэру хэтщ, апхуэдэу пшынауэ Сэхъу Хьэсэн и пшыхьыр я утыку итыкIэ гъэщIагъуэныкIэ ягъэдэхащ, Балъкъэрхэм я къэщIэрэщIэжьныгъэм и махуэм, Адыгэ лъэпкъэм я щыгъуэ махуэм ирагъэкIа зэIущIэхэми зыкъыщагъэлъагъуащ.

Зи гугъу тщIы ансамблым сабийуэ 45-рэ хэтщ. Абыхэм кIэнэмыщIауэ, Къурашэм щхьэхуэу егъасэ илъэси 4-5 хуэ цIыкIухэр, 6-11-нэ классхэм щIэсхэр.

Илъэс зыбжанэ и пэкIэ Къурашэм нартандэсхэр къельэIуауэ щытащ ныбжьыщIэхэр яхуигъэсэну. Ар абы иужь ихьэри, школым щылажьэу щIидзащ, сабийхэр къафэ гъуазджэм хигъэгъуазэу. ИлъэсищкIэ щыIауэ, Эдуард зэрыжиIэмкIэ, псалъэмакъ мыщхьэпэ гуэрхэр кьежьэри а Iуэхущ Iапэр къигъэнэн хуей хъуащ. «Сэ зэи къызгурыIуакъым икIи къызгурыIуэнукъым цIыху зэхэсъэжьр, абы щыгъуэми а Iуэхур сабийхэм ёкьэIаУ, - жеIэ гъэсакIуэм. - Пцы хэлътэкъым школым сызэрыщыIа илъэсхэр пщIэншэ зэрыхъур си гум къызэреуэр, арщхьэкIэ сыт сщIэнт... Сыкъыпхьыжа щхьэкIэ къэфэныр зи псэм хэлъ сабий цIыкIуитI - Абаза Маратрэ АфIэунэ Алинэрэ - дэнэкIэ сыкIуэми си ужьым иту нашэу хуежьащ. Сабий садым кIуэуэ арат ахэр абы щыгъуэ (иджыпсту етIуанэ классыр къаухащ), ауэ къафэу кьалъхуами ярейт, апхуэдизкIэ я лъым хэтти. ЗэрызгъэщIэхъун щыIэтэкъым, ди унэ сшэуэрэ къэзгъэфами».

А цIыкIуитIрауэ жыпIэ хъунущ ансамблым пэщIэдзэ хуэхъуар. А зэманым Нартан къуажэ администрацэм и Iэтащхьэу щыта Фырэ Исуф (иджыпсту Шэджэм район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэщ) я Iуэхур щрахьэлIэм, администрацэм и актовэ пэшыр кьаритат, хуэмурэ цIыхуищэм щIигъу (ансамблри адрей и гъэсэнхэрэ зэгъусэу) зэрыгъэхуауэ абы нобэ щыщагъасэ. «Срогушхуэ сабийхэм я зэфIэкIым, я ехъулIэныгъэм сефэн. Зэи сабийр къыззэрыпхуэмыгъэпцIэнур хьэкъ сщащ! абыхэм, - жеIэ Эдуард. - Сэ къэфэным зэрыхуэзгъасэ къудейм кIэ сыкъыззэрымыувыIэнум яужь ситщ, сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи щапхъэу щытыпхъэщ. Адэ-анэхэми яжьзоIэ быныр зэрамыгъэсэхуэным хущIэкъну, зи щхьэм фIэкIа къызыфIэмыIуэхуж щIэблэр шынагъуэщ. Зэрэджэхэми сакIэлъэоплъ, школым щIэх-щIэхыуэр сокIуэ, егъэджакIуэхэм сопсалъэ, я дневникхэр къезгъэхьырэ соплъ. Адыгэ къафэм зыщратакIэ, ахэр адрейхэм къаззэрыщхьэщыкIыр яжьзоIэ, адрейхэр къадэплъеин зэрыхуейр къагурызгъэIуэну яужь ситщ».

«Хрустальный шар» саугъэтым дежкIэ къздгъэзэжынщи, къыхэгъэщыпхъэщ фестиваль-зэпеуэм зэрымыщIэкIэ «Звездочка»-р хьхьа зэрыхъуар. Абы и къэпщытакIуэ гупым хэтт адыгэ щIалэ Мэкъушэ Руслан. Ар щэнхабзэмкIэ министр Къумахуэ Мухьэдин деж къэпсалъэу Iуэху дахэр Пятигорск зэрыщекIуэкIынур, абы хэтын щыIэмэ кърагъэблагъэну зэрагуапэр кьыщыжриIэм, мы гуп цIыкIум нэхъ хуагъэфащэ ягъэкIуащ. Эдуардрэ Мэкъушэмрэ зэгуэр зэдэлажьа, зэрыцIыху щхьэкIэ ансамблэ цIыкIум и зэфIэкI дэнэ къэна, ар зэрыщыIэм щыгъуазэтэкъым Руслан, абы зэрыщыщрихьэлIам зэрыщыгуфIыкIахэми шэч хэлъкъым.

«Дэ абы щыдгъэлъэгъуащ «Къафэ» адыгэ къафэжьымрэ «Зэныбжьэгъуищым я къафэ» гушыIэ теплъэгъуэмрэ. Сабий 22-рэ сшащ, «Къафэ»-м цIыху 20-р екIуу къыщыфащ, солист цIыкIуитIми зыр пхъэ вакъэм тету, адрейр лъапэрисэу утыкур игъэдэхащ. ЖыпIэнурракъэ, жюри хэтхэми жаIауэ, «Кабардинка»-р цIыкIу хьужауэ фIэкIа пщIэнкъым. «Зэныбжьэгъуищым я къафэм», зэрысфщIэщи, зы адыгэ, шэшэн, осетин щы-зэрохьэлIэ. Абы адыгэ щIалэм и ролыр щызэгъэзэщIар АфIэунэ Алинэщ, и кIэм деж и пIыэр щхьэрихри и щхьэцыр къыщIэхуащ».

Фестивалым зэрыкIуэфар, зэрыхэтар нэхъыбэу зи фIыщIэр мыпIкуэкIэ закъыщIэзыгъэкъуа, Шэджэм район администрацэм и IэтащхьэАхъуэжу Къанщобийщ. «ЩIэблэм гулъытэ хуэзыщIыфэкIэр нэхъыбэу диIамэ, ди насыпт, - жеIэ Эдуард. - Дыхуэарэзыщ, и щхьэкIи и унагъуэкIи насып щымыщIэу псэуну ди гуапэщ».

Хъуэхъу псалъэу адэ-анэхэм яхужиIэр гъунапкъэнэщ Къурашэм. Сабийр гъэса хъунымкIэ щэнхабзэм и мыхьэнэр къызыгурыIуэ адэ-анэхэм, адэшхуэ-анэшхуэхэм я фIыгъэщ ансамблыр гъуэгу техьэнуми фащэ ирагъэдыными гугъуехь лей зэрыхэмытыр. «Фащэ зэмыщIыу щы хурагъэдащ сабийхэм. Сахуэарэзыщ си Iуэхур къыздэзыIыгъ псоми, - жеIэ Эдуард. - Сэ схуэзфIэкI къзэгъэнэнукъым сакъыгурыIуэу, сщIэр къалъытэу слъагъу къудеймэ».

Къальытэ къудейкъым, я гъэсэныгъэкIи едэжным зэрегугъумкIи нэхъыфI зэрыхъуам нэхъыжьхэм гу лъатэ, ар зыхалъагъуэри Къурашэ Эдуард и лэжьыгъэрщ, Iуэхум гурэ псэкIэ зэрыбгъэдэтырщ, сабийхэр фIыуэ зэрилъагъурщ.

Сабийхэм ядэлажьэм, зи гъащIэр щэнхабзэм епхам мурад гуэр, хъуэпсапIэ имыIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Ялэр екъэлIащ «Кабардинка»-ансамблым. «Сабийхэр щагъасэу ансамблым и деж студие къызэрыщызIуахар фIыщ, нэгъуэщI щIыпIэ къыщылпIыхъуэ нэхъри, хуей щыхъуи и деж, абыхэм гупым хэбгъэхъэн кьахэпшмэ нэхъыфIщ. Ауэ сигу кьоуэ абы хэтхэм хьэгъуэлIыгъуэхэм къыщыфэу ахъшэ къалэжьын хуей зэрыхъур. Сыхуейт я улахуэр я зэфIэкIым хуэфащэу щытыну. Абы щхьэкIэ къэралым ансамблым зыщIигъэкъуапхъэщ», - жеIэ Эдуард.

Апхуэдэуи Къурашэм и гум щеГъафIэ спорт Iуэхущ Iапэр ящIауэ, ЩэнхабзэмкIэ унэ щылажьэу Нартаныр илъагъуну. Лъэпкъ кьафэр, щэнхабзэр, макъамэр зи псэм хэпщIа щIэблэм кьахуригъэблагъэнут артистхэр, къэфэныжьмкIэ, уэрэд жыIэныжьмкIэ, артистыгъэкIэ щапхъэ хъунухэр. А псоми ухуейщ сабийхэр ящIэжрэ абы иригушхуэ дунейм тетыныр уи хъуэпсапIэмэ.

ИСТЭПАН Залинэ.

КъэфакIуэкIа цIыкIухэр щыгъуэ пэкIум хэтщ. *Сурэтхэр* Къарей Элинэ *трихащ.*

Испаниер ягъэгуауэщхьэуэ

● Футбол

Дунейпсо чемпионат йокIуэкI

Топджэгумкие XX дунейпсо чемпионатым мэкъуауэгъуэм и 12-м Бразилием щыщIидзащ. Абы и япэ махуэхэм хьэлэмэт куэд къыщыхъуащ.

Нидерландхэм я IутIыхьыгъуэщ.

ДУНЕЙПСО чемпионатыр гуфIэгъуэкIэ къызэIуаха иужькIэ, япэу утыку кьихьащ хэгъэрейхэмрэ Хорватием и командэ къыхэхамрэ. Куэдым хуагъэфащэрт тхуэнейрэ мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэм щытекIуа Бразилиер гугъуехь лъэпкъ хэмылъу пэщIэдзэ зэIущIэм я хъархуэрэгъуэхэм щефIэкIыну. АрщхьэкIэ хорватхэри къикIуэтынухэм ящыщтэкъым. ИкIи епщыкIуэнэ дакъикъэм абыхэм бжьгъэр къыщызэIуахам стадионым исхэм я нэхъыбэм я бзэр иубыдам хуэдэт: Бразилием и гъуащхьэхъумэхэм ящыщ зым топыр езым и гъуэм дигъэкIыжащ.

Апхуэдэ щIэщхьэм хэгъэрейхэр ерыщ иригъэкIуащ икIи Хорватием и командэ кьыхэхам и гъуащхьэтет «Ростов»-м щыджэгу Плетикосэ Стипе топищ худагъэкIыжри, зэIущIэм 3:1-уэ щытекIуащ.

КъищынэмыщIауэ, «А» гупым гуащIэу щызэпэщIэтащ Мексикэмрэ Камерунымрэ. Хэт нэхъ лъэщми зэхэзыгъэкIар зы топ закъуэрщ. Ар Мексикэм и футболистхэм дагъэкIыну яхуэзфIэкIащ.

Куэд дыдэ темыпIэжку щызэпэлъа зэIущIэ «В» гупым щекIуэкIащ. Абы щызэдэджэгуащ илъэсипI и пэкIэ щыIа дунейпсо зэпеуэм и финалым ерыщу щызэныкъуэкъуа Испаниемрэ Нидерландхэмрэ я командэ къыхэхахэр. ЗэрыфщIэжщи, абы щыгъуэм дыщэ медалхэр хэт нэхъ хуэфащэми джэгум хухаха дакъикъэ 90-м зэхэкIакъым икIи къыщIагъуа сыхьэт ныкъуэм испанхэм я насып къыщикIауэ щытащ. Абы къыхэкIыу гужьгъэжь зиIэ нидерландхэр жэуаплныгъэшхуэ я пщэ зэрыдэлъыр зыхащIэу мы зэIущIэм ирихьэлIащ икIи, апхуэдизкIэ гъэсэныгъэ хуей хъунущ.

А гуп дыдэм Чилир Австралием 3:1-уэ щытекIуащ.

КъэщIэгъуейщ «С» гупым япэ увыпИтIыр къыщызыхьу адэкIэ зэхьэзэхуэм пызыщэнур. Абы щызэхуэса командэхэр я къаркIэ зэхуэдэщ, ауэ пэщIэдзэ зэIущIэм Колумбиер 3:0-у Аладжым зэрытекIуамрэ Кот-д-Ивуарым Япониер 2:1-уэ зэрыхигъэщIамрэ пашэхэр игъэбелджылащ.

Куэдым зыхуамыгъэфэща Iуэхугъуэ «D» гупым къыщыхъуащ. Иужьрей дунейпсо чемпионатым и финал ныкъуэм нэсыфа Колумбием 3:1 -уэ Костэ Рикэм и командэ къыхэха къызэрыгуэкIыр текIуащ. Абы щыгъуэми а тIум я хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэхэу Италиемрэ Инджылызымрэ я зэныкъуэкъуныгъэр гуащIащ. А зэпэщIэтыныгъэм итальянхэр 2:1-уэ щынэхъыфIащ.

«Е» гупым европейхэр я хьэрхуэрэгъуэхэм щефIэкIащ. Апхуэдэу Швейцарием Эквадорыр 2:1-уэ хигъэщIащ, Франджым Гондурасым и щхьэр къригъэIэтыщакъым (3:0).

Дуней псом и футболист нэхъыфIу иджыпсту кьалъытэ Месси Лионель мыпхуэдэ зэхьэзэхуэшхуэхэр кьехъулIэ хабзэкъым. Ауэ абы и насыпым дэпэкIэ зигъэзэну фэ тетщ. Апхуэдэ гугъэ уегъэщI Босниемрэ Герцеговинэмрэ щыдэджэгуа япэ зэIущIэм Месси дигъэкIа топым Аргентинэм 2:1-уэ текIуэныгъэ хъызэрыхуихьам. Адрейуэ «F» гупым хэт Иранымрэ Нигериемрэ я командэ къыхэхахэр щызэдэджэгуар ныжэбэщ.

Нэхъ иужьIуэкIэщ утыку кьыщихьэнур Урысей Федерацэр зыхэхуа «G» гупымрэ Германиемрэ Португалиемрэ зэзышIэлIа «H» гупымрэ щыджэгухэр. Абыхэми я зэпэщIэтыныгъэхэр удэзыхьэх зэрыхъунум шэч хэлъкъым.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Аргентинэм текIуэныгъэр зыIэрегъэхьэ.

«Спартак-Налшыкыр» щIалэгъуалэм хоплъэ

Мазэ иримыкъу фIэкIа замыгъэпсэхуауэ «Спартак-Налшыкым» щыджэгуэжмрэ абыхэм я унафэщIхэмрэ мыгъэрей зэхьэзэхуэм зыхуэгъэхьазырын щIадзащ.

ЯПЭ дивизионым къыхэкIыу етIуанэм зэрыкIуам «Спартак-Налшыкым» зэхъуэкIыныгъэ инхэр къыхуихьынущ. Дауи, ар ябгьынэщ улахуэ ин зиIэу щыта, нэгъуэщI щIыпIэхэм кьраша футболистхэмрэ IэщIагъэлIэхэмрэ. Ахэр зэрахъуэжьну щыкIэм командэм и унафэщIхэр йогупсыс. Аращ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуа, топ джэгуным зыщыкъуезыгъэса защIэ зыхэт зыгъэсэныгъэм хэхъа пасэу щыщIадзар. Абы псори зэхэту цIыху 30 кьрашэлIащ, 4-р гуащхьэтету. Ахэращ къэщIэрэщIэж «Спартак-Налшыкым» нэхъыбэу хагъэхьэнур. Зыгъэсэныгъэхэр тренер нэхъыщхьэ Биджий Хьэсэнбий и унафэм щIэту ирагъэкIуэкI.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● КъБР-м и прокуратурэм

Хабзэм къозэгъ

КъБР-м и прокуратурэм къыщыпщащ УФ-м и УК-м и 171-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и «б» пунктым къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэ зэралэжьам папщIэ (хуимыту хьэрычэт лэжьыгъэ зэрырагъэкIуэкIам щхьэкIэ) «Сириус-К» компание» ООО-м и унафэщIхэм яхуэгъэзауэ республикэм щыIэ МВД-м Следствэмкие и управленэм къызэIуиха уголовнэ Iуэхур хабзэм зэрезэгъыр.

ПЭУБЛЭУ къызэрахутамкIэ, щIыуэпс газыр рознидзу зыщэхэу «Сириус-К» компание» ООО-м и унафэщIымрэ абы и дэрэгъу хьэрычэтыщIэмрэ «Лэжьыгъэ лIэужьыгъуэ щхьэхуэхэр лиценз эзращIым и Iуэхукие» 2011 гъэм накъыгъэм и 4-м кьыдэкIа Федеральнэ закон №99-ФЗ-м, «Зыхуэдэкие 1-нэ, 2-нэ, 3-нэ классхэм кьыхьэу къуэнкIэ, мафIэс къэзышэнкIэ хъуну объектхэр, химие шыкIагъуэ зыпылъхэр лиценз эзращIымрэ къызэрагъэсёбэпымрэ я Iуэхукие» 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м Правительствэм кьищта Унафэ №492-м, «ДзыхьщIыгъуэджэ лэжьыгъэ щызэфIагъэкI объектхэм я промышленнэ зынагъуэншагъэм и Iуэхукие» 1997 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м кьыдагъэкIа Федеральнэ закон №116-м кьагъэувэр къызэпаудри, хуит зыщI тхылъ хэха (лицензэ) ямыIэу, къэралым ирамыгъэтха газ игъэхъуапIэ компрессор станц Налшык Кировым и цIэр зезыхьэ уэрамым щагъэлэжьащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, 2010 - 2013 гъэхэм кьриубыдэу яща «метан» щIыуэпс газым кьыпэкIуэу хэхъуэшхуэ - сом мелуан 32-м щIигъуэгъэщIкIауэ зыIэрагъэхьащ.

КъызэIуаха уголовнэ Iуэхур хабзэм къезэгъыу икIи щэч зыхэмылъу кьалъытащ. Ар республикэм и прокуратурэм и нэIэ щIэту зэхагъэкI.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

ЩIалэм зеумысыж

Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щыIэм езым и фIэфIыныгъэкIэ къекIуэлIащ икIи илэжьа щIэпхъаджагъэмкIэ зиумысыжащ нэхъапэм суд зытращIыхьауэ щыта, илъэс 25-рэ зи ныбжь би щыпIэм щыщ цIыхухъум. Абы зэрыжиIамкIэ, Налшык и сату Iуэхущ Iапэм и деж щагъэзуба «Рено» автомашинэр 2014 гъэм накъыгъэм и 30-м ирихужьэри, иужькIэ Нартан къуажэм пэгунэгъу псыхъуэм къыщинащ.

А МАХУЭ дыдэм полицэм щатхащ илъэс 24-рэ зи ныбжь налшыкдэсым закъызэрыхуигъэзар. ЩIалэщIэм къызэрыIуэтамкIэ, мы гъэм накъыгъэ мазэм и кIуэ щIыхубз щыгъынхэр щащэ тыкуэным, Налшык къалэ ПащIэм и уэрамым тетым, и щхьэгъубжэ абджыр икъутэри, ваксэрэ сумкипIрэ къыщIидигъукIащ.

Iуэхухэр зэхагъэкI.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкие министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ Iапие.

● ХъыбарегъащIэ

Инджылызыбзэр зэвгъащIэ!

Гъэмахуэ мазэхэм лэжьэнущ инджылызыбзэм щыхурагъаджэ школ. Абы щIэтIысхьэнухэр мэкъуауэгъуэм и 11-м щегъэжьауэ ятх. Гупхэр ильэси 8 - 14, илъэс 15 - 18, илъэс 18 - 21-рэ хъухэм ятещIыхьауэ къызэрагъэпэщынущ.

ЕджапIэм къекIуалIэхэр гъэмахуэ мазэхэм къриубыдэу инджылызыбзэкIэ псэлъэфу, къеджэфу, тхэфу ирагъэсэнущ. Абыхэм ядэлэжьэнур илъэс 30-кIэ США-м егъэджакIуэу щыIащ.

ЕгъэджакIуэм урысыбзэ зэримыщIэм къыхэкIыу школым щIагъэтIысхьэну ятххэр адыгабзэ зыщIэхэрщ.

Телефоныр: 8-967-417-78-85.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Изэ.



Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкие - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Iуэхущ Iапие зэдэлажьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-22-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапие - 42-26-41; сурэтхэхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм щыщыхьа бжьгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытахэм ящу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъу КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м IечатымкIэ щыIа и хунтныыгъэр хъумэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапие №Н-0065-м щIэту итхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэжьыгъуэм елажьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Багъэтыр Луизэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.),* ПхытIыкI Азэмэт *(1 , 2-нэ нап.), Компьютерхэр газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.687 ● Заказ №1168